Қишлоқ хўжалиги фанлари намзоди
У. Абыллаевтың өмир жолы ҳәм илмий педогогикалық хызметлери ҳаққында



Уразбай Абыллаев 1949 жылы 06 – августта Қарақалпақстан Республикасы Кегейли районында туўылган. Ол 1956-1966 жылларда Нукус районы Нукус совхозы маканында жайласқан № 7 санлы орта мектепти табыслы тамамлап. 1966-1968 жыллары Тахиятас УМО си жәрдемши машинисти болып иследи. 1968-1970 жыллары аскерий хызметте болған. 1970 жылы Самарқанд аўыл хожалық институтиниң «Агрономия» факультетине оқыўға киреди ҳәм 1975 жылы «Илимпаз Агроном» қәнийгелигин алғаннан кейин 1975-1976 жыллары Әмударья районындағы аўыл хожалық билим журтында муғаллим болып ислеген.

1976-1978 жыллары Өзбекистан салыгершилик илим изертлеў институти Қарақалпақстан филиалында киши илимий хызметкер лаўазымында ислеген.

1978-1981 жыллары Өзбекистан салыгершилик илим изертлеў институтинан Краснодар үлкесинде жайласқан Пүткил союзлық салыгершилик институтында аспирант. 1981-1986 жыллары Өзбекистан салыгершилик илим изертлеў институти Қарақалпақстан филиалында үлкен илимий хызметкер.

1986-2003 жыллары Өзбекистан салыгершилик илим изертлеў институти Қарақалпақстан филиалында бөлим баслығы лаўазымында ислеген.

2003-2004 жыллары. Ташкент мәмлекетлик аграр университети Нукус филиали селекция ҳәм туқымгершилик кафедрасы баслығы. 2005-2010

жыллары. Тошкент мәмлекетлик аграр университети Нукус филиалы доценти лаўазымында ислеген.

2011 – 2026 жылларда мәмлекетлик аграр университети Нукус филиалы аға оқытыўшысы

2015 – 2022 жыллары Дән ҳәм собықлы егинлер илмий изертлеў институти жойбар баслығы, 2022 ж х/ў Дән ҳәм салы илимий өндирислик бирлеспеси лабораториясы баслығы (орындас) болып ислеп келмекте.

Уразбай Абыллаевтың тиккелей қатнасында ҳәм басшылығында салының 5 сорты, гүзги бийдайдың 2 сорты жаратылып өндиристе кең майданларда егилмекте.

Салының Жайхун, Нукус-70, Санам, Гулистан, Алмаз ҳәм гүзги бийдайдың Ўткир ҳәм Ақманғит сортларын жаратты.

Ол студентлерге сабақ бериў менен бирге жумысларды даўам еттирип 2016-2017 жылларда «Организация производство высококачественных семян скороспелого сорта риса «Нукус-70» в цельях внедрения в фермерские хозяйство Республики Каракалпакстана», 2018-2020 жылларда «Создание высокопродуктивных, ультраскороспелых и скороспелых сортов риса приспособленных к почвенно – климатический условиям окружаюшией среды для условии Республика Каракалпакстан», 2022-2023 жылларда «Шолининг мураккаб стресс омилларига бардошли, экспортбоп узун гуручли тезпишар генотипларини олиш» атамасындағы мәмлекетлик грантлар тийкарында жойбарларының орынланыўында жойбар баслығы сыпатында қатнасты.

У.Абыллаев селекция тараўында кадрлар таярлаўға да итибар берип, көплеп магистрлар ҳәм бакалаврлар таярлады.

У.Абыллаевтың 150 ге жақын илимий мақалалары шет ел ҳәм республика журналларында, конференция материалларында жарық көрген болып, олардан сабақлық, 3 оқыў қолланба, 2 методикалық қолланба, 26 усыныслар бар.

Ол «Қарақалпақстан Республикасына мийнети синген ойлап табыўшы ҳәм рационализатор», «Өзбекистан Республикасы ғәрезсизлигиниң 20 жыллығы”, Қарақалпақстан Республикасы «Ўатан пидайысы» Қарақалпақстан Республикасы «Ардақлы нураний», «Өзбекистан Республикасы аўыл хожалығы пидайысы», Қазақстан Республикасы Қызыл орда гуриш өндириўшилер және өндириўшилер қәўимлеслиги «Ыбрай Жақаев атындағы» «Өзбекистан Республикасы аўыл хожалығы пидайысы» Ўзбекистан Республикасы Президентиниқ «Дўстлик» ордени көкирек нышанлары менен сыйықланған.

Қарақалпақстан аўыл хожалығы ҳәм
агротехнологиялар институты ректоры: М.Даулетмуратов
Кәсиплик аўқамы комитетиниң баслығы: М.Бердимуратов